

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

Ieu panalungtikan mibogga tujuan pikeun ngadeskripsikeun struktur carita, aspék sosial jeung ajén atikan nu aya dina novel barudak *Rasih Kodeu Binér* (RKB) karangan Dadan Sutisna jeung *Carita Nyi Halimah* (CNH) karangan Samsuedi. Tiori anu digunakeun dina ieu panalungtikan ngawengku tiori ngeunaan novel barudak, struktural, aspék-aspék sosiologi, jeung ajén atikan karakter catur tunggal watak. Anapon dina ieu paalungtikan ngagunakeun pamarekan kualitatif kalawan métode déskriptif.

Struktur carita anu diulik dina ieu panalungtikan nyoko kana tema jeung fakta carita (galur, palaku, jeung latar). (1) Téma tina dua novel ieu ngawengku téma kakulawargaan, sosobatan, sosial jeung tanggung jawab;(3) Galur nu dipaké dina ieu novel-novel téh nya éta galur mérélé; (4) Palaku dina novel barudak RKB midangkeun tokoh dua awéwé jeung dua lalaki, dina novel barudak CNH palaku nu dpidangkeun nyaéta awéwé. Kabéh palaku utama dina dua novel éta miboga waték anu rasa perdulina luhur, sosobatan, resep nulungan, henteu ngabédabédakeun status sosial, jeung pinter. (5) Latar anu digambarkeun dina dua novel ieu umumna ngagambarkeun latar termpat pakotaan nya éta Bandung, Batawi, Sukabumi, pilemburan, lingkungan imah, sakola, jeung alam. Sedengkeun latar sosial nu digambarkeun dina tilu novel ieu nya éta latar sosial handap jeung luhur. Ogé latar waktu digambarkeun nya éta latar waktu peuting, beurang, isuk-isuk, jeung pasosoré

Aspek sosiologi anu kapanggih dina ieu panalungtikan nya éta status sosial, prosés sosial, jeung paripolah sosial. (1) status sosial nu kapanggih dina novel barudak RKB jeung CNH dumasar kana jabatan, pakasaban, atikan, pakaya, katurunan jeung agama. (2) prosés sosial dina novel barudak RKB jeung CNH ngawengku opat prosés sosial nu di antarana prosés sosial kooperatif, persaingan, pertikaian/pertentangan, jeung akomodasi.. (3) Paripolah sosial dina novel barudak RKB jeung CNH ngawengku opat paripolah sosial nu di antarana

paripolah sosial rasionalitas instruméntal, rasionalitas nu oriéntasi kana ajén, paripolah tradisional, jeung paripolah aféktif.

Gambaran sosial dina novel barudak CNH ngagambarkeun situasi jeung kondisi sosial Batawi dina taun 1928 nu dimana bangsa Walanda nganjrek di tanah urang. Nyi Halimah harita gawé di urang Walanda nya éta Nyonya Linn anu satuluyna milu ka hiji Tuan Walanda ka Sukabumi. Nilik kana status sosialna masarakat pribumi kagolong aya dina latar sosial nu handap ti batan urang Walanda. Sanajan kitu sikap jeung paripolah urang Walanda nu dituduhkeun ku Tuan teu nganggap rendah ka pribumi.

Ari ajén atikan karakter nu kapanggih dina novel barudak RKB jeung CNH anu nyoko kana catur tunggal watak (olah hati, olah pikir, olah raga jeung kinestetik, sarta olah rasa jeung karsa) aya 50 ajén atikan karakter. Dina novel RKB digambarkeun kaayaan barudak jaman kiwari dina taun 2012-an anu hirupna di pakotaan nya éta di kota Bandung jeung pinuh ku téhnologi canggih anu geus mangrupa kabutuhan primér unggal jalma. Kataji dina ngagunakeun hapé, leptop jeung internét. Aya opat tokoh utama dina novel barudak RKB nya éta Diran, Rina, Anis jeung Emod. Éta tokoh téh miboga kalungguhan sosial anu béda-béda. Diran jeung Rina mangrupa anak ti jalma beunghar, Anis mangrupa anak pagawé negeri anu basajan, Emod anak tukang dagang anu miskin. Sanajan latar sosialna béda, tapi sikap Diran, Rina jeung Anis teu ngabibisani ka Emod nu jalma miskin. Malah mah Diran anu pangbeungharna di antara tiluan boga sikap béréhan ka Emod ogé Rina jeung Anis nu perduli ka Emod.

Dina Novel RKB kapanggih 27 ajén atikan karakter nu ngawengku: (1) 9 ajén karakter olah hati nu di antarana waé karakter paripolah migusti, jujur, amanah, adil, tanggung jawab, émpati, wani nyokot résiko, pantang menyerah, jeung réla ngorbankeun diri; (2) 8 ajén karakter olah pikir nu di antarana waé calakan, seukeut pikir, hayang nyaho, lagawa, rapékan, binangkit, museur kana ipték, jeung réfléktif; (3) 8 ajén karakter olah raga jeung kinéstétik nu di antarana waé paripolah apik jeung berséka tur cageur, disiplin, sportif, keyeng, nyobat, sauyunan, jeung jigrah; (4) 4 ajén karakter olah rasa jeung karsa nu di antarana waé soméah, resep nulungan, ngutamakeun kapentingan batur, jeung panger.

Dina novel CNH kapanggih 23 ajén atikan karakter nu ngawengku (1) ajén karakter olah hati nu di antarana waé paripolah migusti, jujur, amanah, adil, tanggung jawab, émpati, wani nyokot résiko, pantang menyerah, jeung réla ngorbankeun diri. (2) ajén karakter olah pikir nu di antarana waé calakan, seuket pikir, hayang nyaho, lagawa, rapékan, binangkit, museur kana iptéks, jeung réfléktif; (3) ajén karakter olah raga jeung kinéstétik nu di antarana paripolah apik jeung berséka tur cageur, disiplin, sportif, keyeng, nyobat, sauyunan, jigrah, jeung (4) ajén karakter olah rasa nu di antarana Someah, resep nulungan, jeung panger.

Novel barudak minangka sastra anak. Dina hakékatna sastra anak téh salah sahiji tujuanna pikeun neuleuman jeung paham kana dunya anak. Naon anu disebut sastra anak téh, tangtuna waé nyoko kana kahirupan nu aya korélasina jeung dunya ogé basa anu dipikaharti ku budak. Pikeun maham kana dunya anak jaman kiwari novel barudak RKB bisa dijadikeun salah sahiji acuan lantaran latar atawa sétting nu digambarkeun dina ieu novel bisa kapanggih dina jaman ayeuna.. Pikeun bacaan barudak ieu novel barudak CNH bisa jadi salah sahiji sumber élmu pikeun mikanyaho kabudayaan Sunda baheula boh tina basa, pakakas jaman baheula.

Kabéh tokoh utama tina dua novel ieu bisa dijadikeun conto nu hadé pikeun barudak jaman ayeuna. Kabéh tokoh miboga watek atawa paripolah anu hadé. Dina novel barudak RKB aya Diran, Rina, Anis anu kalungguhan sosialna luhur bisa sosobatan jeung Emod nu kalungguhan sosialna handap, bisa silih ngahargaan jeung silih mikanyaah. Kitu deui dina novel barudak CNH aya tokoh Nyi Halimah anu tawekal, pengkuh, tur sabar dina nyanghareupan sagala masalah anu tumiba ka dirina.

Tina hasil panalungtikan ngeunaan novel barudak dina sastra Sunda dipiharep bisa jadi salah sahiji sumber élmu pikeun mikanyaho kabudayaan Sunda baheula boh tina basa, pakakas, jeung kaulinan barudak jaman baheula.

Pikeun panalungtik satuluyna dipiharep bisa ngaguar leuwih jero ngeunaan sastra anak dina kasusastraan Sunda.